# ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИНДЕГИ ТАҢЛАҚЛАРДЫҢ СЕСЛИК ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**Жолымбетов Қәллибек Бердимурат улы**
Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик
педагогикалық институты 2-курс
магистранты, qallibek4@gmail.com

***Аннотация:*** *Мазкур мақолада қорақалпоқ тилидаги ундовларнинг фонетик ҳусусиятлари, жумладан, таркибий тузилишида унли ва ундош товушларнинг жойлашишига қарай стилистик ва эмоционал вазифалари кўрсатиб берилган. Илмий ишларда бу борада айтилган фикрларга ҳам муносабат билдирилган. Келгусида қорақалпоқ тилшунослигида ундовларни ҳар томонлама тадқиқ қилиш муҳимлигига ҳам эътибор қаратилган.*

***Калит сўзлар:*** *ундов сўзлар, фонетик тузилиш, товуш, юмшоқ унлилар, қаттиқ унлилар, ундошлар, интонация.*

Тилдеги сөзлер лесикалық мәнисине қарай топарларға бөлинеди. Жеке турып мәни аңлататуғын сөзлер, (*атлық, келбетлик, санлық, алмасық, фейил, рәўиш*), жеке турып мәни билдирмейди ҳәм өз алдына қолланылмайтуғын сөзлер (*тиркеўиш, дәнекер, жанапай*), соның менен бирге таңлақ, еликлеўиш ҳәм модал сөзлер.

Таңлақ сөзлер мәнили сөз топарына кирмегени менен олардың сөйлеўде семантикалық өзгешеликлери жүдә кең. Ҳәтте бир таңлақ сөздиң өзи гәп ҳәм контекстте қолланылыўында бир неше мәнилерди де билдирип келиўи мүмкин. Бирақ, таңлақлардың мәнисин сөз еткенде, оны лексикалық бирлик сыпатындағы мәнили сөзлер менен бир қатарға қойыўға болмайды. Ол материаллық мәни, яғный мәнили сөзлердей белгили түсиникти, лексикалық номинацияны билдире алмайды. Таңлақлар морфологиялық белгиси бойынша өзгермейтуғын сөз шақабы, мәниси бойынша адамның сөйлеў ўақтындағы ҳәр қыйлы сезими – таңланыў, өкиниў, қуўаныў ямаса шадланыў, буйырыў, турмыс-салт т.б. сыяқлы сезимлерин билдирип келеди [3, 419]. Бул жағынан алып қарағанда, таңлақлар мәнили сөзлердиң топарына кирмейди.

Таңлақ сөз шақабының сеслик дүзилисин, түрли фонетикалық өзгешелигин үйренбей турып, оның семантика-стилистикалық айрықшалықларын бирден

өзлестириў қыйын. Таңлақ сөзлердеги сеслик комплекс адам сезимин бериўге тиккелей қатнаслы екенин естен шығармаў керек. Қарақалпақ тилинде таңлақлардың қурамында даўыслы ҳәм даўыссыз сеслердиң барлығы бирдей жумсала бермейтуғыны бақланады.

Адамның жағымлы эмоциясын билдиретуғын таңлақлар ашық, жуўан даўыслылар, ал жағымсыз сезимлерди билдиретуғын таңлақлар болса жиңишке, қысық даўыслылар менен қолланылады. Буны коркем шығармалар мысалынан анық көриўге болады. Мысалы:

Үстине жар қулағандай силкинип,
Аўзын ашып *ўай-ўай* салып бақырды (Т.Жумамуратов).

Ҳаплығасаң бунша неге,
Көп қысылдың, *шырағым*,
Көринди ме ғәрип әке,
«Жоғалдың», – деп жыладың?! (Т.Жумамуратов)

Көрип едим Дәўлет ата ызалы,
–*Әттең,* қалдың жаслығым!-деп қызады.
Ғаррылық та жараспайма өзинше,
Ҳәр бир мәўсим тәбияттың нызамы (Т.Жумамуратов).

Биринши мысалдағы жуўан даўыслы сесли *ўай-ўай* таңлағы контекстте “қыйналыў”, “қорқыўды”, екинши гәпте де жуўан даўыслы сеслерден ибарат *шырағым* таңлағы “еркелетиў” мәнисинде қолланылған. Үшинши мысалдағы жиңишке даўыслы сеслерден ибарат, *әттең* таңлағы “өкиниў”, “пушайман болыў” эмоцияларын билдирип тур.

Айырым жағдайларда таңлақлар бир сестен де ибарат болыў мүмкин. Қарақалпақ тилиндеги даўыслы сеслердиң барлығы таңлақ мәнисинде жумсала бермейди. Олардан тек *ә, а, о, е* сеслери таңлақ хызметинде жумсалсады. Бул сеслер таңлақлар қурамында күшли интонация менен айтылады. Ал, «ы» сеси сийрек жағдайларда таңлақ ўазыйпасында гезлеседи. А.Темирбекова қарақалпақ тилинде дара даўыслы ҳәм даўыссызлардың таңлақ мәнисинде қолланылыў имканияты бир қанша кең деп, олардан *ә, ә, о, ы, и, э* сеслери аўызеки сөйлеў тилинде таңлақ ўазыйпасын атқарады деп жазған еди [2, 18].

Аўызеки сөйлеў тилинде даўыслы сеслер таңлақлардың қурамында қысқа ямаса созылыңқы, соның менен бирге тәкирар ҳалда даўыссызларды да өзине бағындырып сезимлик мәнини күшейтиўге себепши болады. Демек, даўыслы

сес даўыссызға тәсир етиўи менен бирге өзи де даўыссыздың ыңғайына бейимлеседи. Мысалы: *–Ўай-о-о-ой, мына ғаррыларды-а-а-ай!*

Қарақалпақ аўызеки сөйлеў тилинде таңлақлар оғада көп санлы сеслерден ибарат болатуғыны байқалады. Себеби таңлақлар сөйлеў тилинде түрли фонетикалық жағдайларда (даўыслының ҳәдден зыят созылып айтылыў) ҳәрқыйлы өзгерислерге ушырап қолланылады. Сондай-ақ, таңлақ сөзлерди айтыўда сөйлеўшиниң психологиялық ҳалаты, ситуация ҳәм т.б. жағдайлар тәсир етиўи сезиледи.

Сөздиң қурылысында даўыслылардың қатара дизбеклесип, бир жерге жыйналып қалыўы қарақалпақ тили ушын жат қубылыс болып саналады [1, 24]. Солай да, таңлақ сөзлер аўызеки сөйлеўде түрли сес дизбегин усынады. Гейпара таңлақлар (әсиресе, сезимлик таңлақлар) қурамында даўыслы ҳәм даўыссыз сеслердиң бир жерге жыйналып қалыў қубылысы ушырасады. Мысалы: *Ой-о-о-о-ой, қүдирет-әй! өнериңе тасанна сен адамның!* (Е.Өтепбергенов). – *Үҳҳ! – Қыз жүрегин услады. – Келди ме?* (Қ.Мәтмуратов).

Қарақалпақ аўызеки сөйлеў тилинде даўыслы яки даўыссыз сеслердиң созылыңқы түрде жумсалыўы дерлик ушыраспайды. Ал, «таңлақларда даўыслы ҳәм даўыссызлардың бәлент ҳәм созылыңқы болып айтылыўы олардағы эмоцияның өткирлигин күшейтеди» [2, 19]

Таңлақ сөзлер дәслепки шығысында лексикалық мәниге ийе сөзлер екенлиги белгили. Бирақ, олар тилде қолланылыўы жағынан лексикалық мәнилеринен өзгерип, екинши бир лексика-грамматикалық мәни адамлардың қарым-қатнас, турмыс-салт белгилерин билдиретуғын таңлақ сөзлерге өткен. Бул мәни сол сөзлерге экспрессивлик-эмоциональлық мәни билдириўи арқалы анықланады.

Демек, таңлақлардың фонетикалық тәбиятын үйрениўде фонемалардың хызмети айрықша. Себеби, фонема сөзлердиң мәнилерин ҳәм формаларын айырыўшылық хызметин атқарады. Алдағы ўақытлары таңлақ сөзлердиң лексикалық, стилистикалық хызметлерин еле де терең ҳәм ҳәр тәреплеме изертлеў зәрүр деп ойлаймыз.

**СИЛТЕМЕЛЕР**

1. Дәўлетов А. Қарақалпақ тилинде сингармонизм. Нөкис, 1993.

2. Темирбекова А.О. Қорақалпоқ тилида ундовлар (фонетика-морфологик, семантика-стилистик таҳлил) – Филол.фан.б.фалс.докт. (PhD) дисс. автореферати. – Нукус, 2022.

3. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыў ҳәм морфология. – Нөкис: Билим, 1994.